



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO TE FÈ SOU ASASINA TIMOTHY CAUGHMAN LAN

“Menm jan ak tout Nouyòkè yo, اساسina san sans Timothy Caughman lan boulvèse lespri m. Nan New York, pèsonn pa ta dwe santi yo an danje akòz de ki moun yo ye, epi atak inyòb sa a sou yon Nouyòkè se yon atak sou tout Nouyòkè.

Nou pap pèmèt fòs rasis ak lahèn entimide nou ni divize nou. Kite m klarifye: Zak vyolans boulvèsan sa ale kont tout sa New York reprezante. Non sèlman nou dwe rejte atak sa a, men tou nou dwe kontinye nye ide ki deyè krim lachte sa a pou yo pa gen plas yo nan okenn sosyete demokratik.

Mwen voye senpati ki pi pwofon anvè fanmi Mesye Caughman yo. Antanke Nouyòkè, divèsite nou an se pi gwo fòs nou, epi nou dwe kontinye leve kanpe youn pou lòt epi selebre diferans nou yo. Administrasyon mwen an te montre zewo tolerans pou krim lahèn sou nenpòt fòm, epi nou pral kontinye lite kont entolerans epi pwoteje tout Nouyòkè.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418